



Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL RENOUVLE APÈL POU GOUVÈNMAN FEDERAL AK
ENDISTRI FEWOVYÈ MACHANDIZ POU PRAN MEZI POU AMELYORE SEKIRITE
FEWOVYÈ A**

***Aksyon yo ap akselere aplikasyon règleman ki egziste deja epi ogmante
transparans***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a kontinye ankouraje Kongrè a, regilatè federal yo ak endistri fewovye machandiz la pou yo pran plis mezi pou anpeche katastwòf ki gen rapò ak transpò fewovye machandiz apre derayman semèn pase a nan Konte Montgomery. Mezi sa yo, ke [Gouvènè a te dekri an fevriye](#), pral ede kreye yon endistri transpò fewovye machandiz ki pi an sekirite, pandan y ap ogmante kapasite repons eta a pou ijans gras ak sipèvizyon federal amelyore.

"Kenbe Nouyòkè yo an sekirite se priyorite prensipal mwen, kidonk nou pa ka tann yon lòt katastwòf rive anvan nou pran mezi pou amelyore sekirite fewovye", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Derayman tren an semèn pase a nan Konte Montgomery te erezman pa t gen moun ki blese oswa devèsman men demontre bezwen enkwayab pou gouvènman federal la ak endistri tren machandiz la pran mezi epi pwoteje rezidan ak anviwònman an".

Sitou, Gouvènè Hochul mande Kongrè a, endistri transpò fewovye machandiz la ak regilatè federal yo pou yo pran mezi sa yo:

- Akselere mizanplas pwogresif wagon sitèn ki pi an sekirite (DOT 117) pou materyèl danjere yo avan dat limit 2029 Kongrè a enpoze a.
- Modènize règleman frenaj yo epi ogmante itilizasyon fren an kawotchou ki kontwòle elektwonikman (electronically controlled pneumatic, ECP) pou anpeche potansyèl derayman tren yo.
- Mande wout ray yo bay ekip repons ijans Eta yo avètisman davans sou machin danjere k ap deplase atravè eta pa yo.
- Elaji sibvansyon eta ak lokal espesyalman pou preparasyon ak planifikasyon repons kont matyè danje yo.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Mwen aplodi apèl kontinyèl Gouvènè a pou yon seri aksyon ki gen plizyè

pwen sou zafè sekirite enpòtan sa a. Nou tout rekonèt ke amelyore sekirite fewovye se pa yon bagay Eta New York kapab adrese poukont li - li mande pou patnè nou yo nan endistri fewovye machandiz la ak gouvènman federal la travay ansanm avèk nou pou atenn objektif sekirite enpòtan sa yo. Ranfòse sekirite fewovye nan Eta New York pral ede plis pwoteje kominote nou yo ak anviwònman an, diminye frekans ak gravite aksidan fewovye yo, ki se rezilta nou tout ap chèche atenn".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Gouvènè Hochul rekonèt fason ki pi an sekirite pou evite yon katastwòf sante piblik ak anviwònmanal tankou East Palestine se anpeche derayman an premye. DEC bat bravo pou vijilans li nan chèche amelyorasyon adisyonèl nan endistri fewovye a sou nivo nasyonal la epi li rete angaje pou l travay ak patnè federal, eta ak lokal nou yo pou pwoteje kominote yo".

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Ensidan materyèl danjere sou ray tren yo te vin twò komen isit la nan New York ak atravè peyi a. Ekspè DHSES ki te resevwa fòmasyon nan matyè danjere ak repons nan ka katastwòf te reponn a derayman semèn pase a nan Konte Montgomery, kote erezman pèsòn pa te blese. Mezi bon sans Gouvènè Hochul pwopoze a ap san dout kreye yon anviwònman ki pi an sekirite pou tout moun k ap vanse".

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Mwen trè rekonesan paske pa t gen okenn blese pandan derayman tren an nan Konte Montgomery, men nou dwe pran mezi pou anpeche sa rive ankò. Mwen sipòte efò Gouvènè Hochul pou fè avanse gouvènman federal la ak endistri machandiz la paske yo entèsede epi asire sekirite Nouyòkè yo".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)